



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE TOUT PREMYE PWOJÈ DEFANS LIBÈTE (LIBERTY DEFENSE PROJECT) PIBLIK-PRIVE NAN NASYON AN**

***Plis pase \$1 Milyon nan Envestisman Piblik ak Prive pral Founi Sèvis pou Satisfè Bezwen Legal Ijan Imigran Eta yo***

***Carnegie Corporation of New York la (Kòporasyon Carnegie New York) ak Ford Foundation la (Fondasyon Ford) pral Fè Patenarya epi Founi Resous Finansyè pou Pwojè Defans Libète a***

***Yon Kowalisyon toupatou atravè Eta a ki gen 230 Kabinè Avoka nan Sektè Prive yo, Depatman Legal yo, Asosyasyon Bawo ak Òganizasyon Defans yo pral Mete Ansanm pou fè Efò pou yo Founi Sèvis Legal Gratis pou Imigran yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse tout premye inisyativ defans legal piblik-prive pou imigran nan nasyon an yo rele Pwojè Defans Libète kòm repons a ogmantasyon nan demand pou èd k ap akable òganizasyon san bi likratif k ap sèvi imigran yo. Plis pase \$1 milyon finansman pral sipòte patenarya sa a pou founi èd legal ak reprezantasyon pou imigran nan Eta New York yo, kelkeswa estati imigrasyon yo, atravè yon rezo avoka, etidyan dwa ak pwofesyonèl dwa ki ofri sèvis gratis yo.

Inisyativ la se yon patenarya piblik-prive ant Depatman Eta New York la (New York Department of State), de alye filantwopik devwe — Carnegie Corporation of New York ak Ford Foundation— epi yon kowalisyon 182 òganizasyon defans ak antite legal toupatou atravè eta a yo. Kabinè Avoka nan sektè prive yo, depatman dwa nan inivèsite yo, asosyasyon bawo ak òganizasyon defans yo, Biwo Eta pou Nouvo Ameriken yo (Office for New Americans, ONA) pral kowòdone ansanm pou yo founi resous legal adisyonèl gratis pou imigran dènye chanjman nan politik imigrasyon resan yo menase yo.

“New York se yon flanbo espwa ak opòtinite pou tout moun, epi imigran yo te toujou fè pati tisi gran eta sa a,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Pandan peryòd move tan sa yo, li enpòtan anpil pou Nouyòkè yo gen aksè a tout dwa yo genyen anba lalwa. Tout premye

Pwojè Defans Libète sa a pral founi sipò legal pou pwoteje imigran yo epi asire eta sa a ap respekte prensip Estati Libète nan Pò nou an (Lady in our Harbor) reprezante yo.”

Atravè yon repozitwa santral Biwo pou Nouvo Ameriken yo jere, Pwojè Defans Libète a pral:

- Founi asistans legal ak reprezantasyon pou imigran nan Eta New York yo atravè yon rezo sèvis avoka, lòt pwofesyonèl dwa ak etidyan dwa yo gratis.
- Ede imigran ki nan pwosesis depòtasyon yo.
- Ede yo konplete ak ranpli aplikasyon pou rezidans pèmanan (sa yo konn rele “Green Card” la), oswa estati tanporè, ansanm ak pèmi travay yo.
- Founi efò sansibilizasyon ak edikasyon pou ede asiste paran ki potansyèlman a risk pou depòtasyon an yo pou yo ranpli fòmilè apwopriye ak prepare plan ijans pou pran swen timoun yo nan ka kote yo ta detni oswa depòte paran yo. Sa pral amelyore travay ki te deja fèt nan sant Biwo pou Nouvo Ameriken yo ap jere atravè tout New York yo.

Carnegie Corporation ak Ford Foundation te pran angajman pou bay anpil resous finansyè pou sipòte efò sa a. Carnegie Corporation te pran angajman depi lontan pou l ankouraje yon demokrasi pliralis atravè entegrasyon sivik imigran yo epi angajman Ford Foundation pran depi byen lontan anvè diyite ineran pou tout moun nan aliye ak devouman Gouvènè a pou rann Eta New York la vin pi jis ak yon kote ki plis an sekirite pou tout rezidan yo.

Kòm rekonesans mank avoka pou imigran ki andeyò Vil New York yo, Pwojè a pral fè patenarya avèk Equal Justice Works (Travay Jistis Ekitab) pou mete apeprè 20 nouvo avoka ak plis pase 100 etidyan dwa nan kominote yo ki gen resous legal limite yo ak sila yo ki gen popilasyon imigran elve yo. Avoka sa yo pral travay atanplen pou ede imigran nan Eta New York yo pou yo gen aksè a konsèy jiridik pandan y ap ajiste estati imigrasyon yo.

Biwo Eta pou Imigran yo pral kowòdone ansanm yon kowalisyon ki gen 182 òganizasyon defans, 14 fakilte dwa, 21 kabinè avoka ak 14 asosyasyon bawo pou founi sèvis legal gratis pou imigran yo. Plis pase 200 avoka ki gen eksperyans ak asistan jirik yo pral travay kòm volontè epi travay ansanm poutèt pou imigran yo ka pi byen enfòme sou opsyon legal yo genyen ak pou founi yo plis aksè a reprezantasyon. Pandan mwa k ap vini yo, avoka volontè yo pral vwayaje toupatou atravè eta a pou yo ede imigran yo konprann dwa yo, nan kad kanpay “konnen dwa ou” (“know-your-rights”) Biwo pou Nouvo Ameriken an ap fè a.

Inisyativ la pral depann tou de patnè eta yo ki byen etabli deja yo ak defansè imigran yo, tankou Catholic Charities (Charite Katolik), pou ede founi plis aksè a sèvis legal pou imigran chanjman resan nan politik imigrasyon yo menase yo. Yo pral ede òganize patisipasyon avoka volontè yo epi ofri yo lòt sipò ak gid pou inisyativ ki enpòtan anpil sa a.

**Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** “Imigran nan New York yo nan kè divèsite sivik ak sosyal rich eta nou an. Reprèzantasyon legal amelyore rezilta pwosè nan yon fason dramatik pou tout Nouyòkè yo. Pwojè Defans Libète a pral asire imigran ki gen bezwen yo resevwa avoka ki pral pwoteje dwa yo. Mwen vle remèsye Carnegie Corporation ak Ford Foundation pou sipò ak angajman yo pran anvè asistans vital yo byen bezwen an.”

**Darren Walker, ki se Prezidan Ford Foundation lan te di,** “Nou aplodi etap inovatif Gouvènè Cuomo ak eta New York la pran pou yo etabli Pwojè Defans Libète a. Pandan senk deseni ki sot pase yo travay Ford te fè sou imigrasyon an te konsantre sou pwoteksyon dirèk diyite kominote vilnerab yo. Enpòtans otorite lalwa pou pwoteje ak defann dwa imen pou tout moun k ap viv nan peyi sa a se yon prensip kle k ap sipòte demokrasi nou an depi nan fondasyon nou ak alavni.”

**Geri Mannion, Direktè pwogram Fon Demokrasi ak Opòtinite espesyal Etazini yo (U.S. Democracy and Special Opportunities Fund) nan Carnegie Corporation lan te di,** “Carnegie Corporation of New York ap sipòte entegrasyon imigran kòm yon prensip esansyèl pou demokrasi Ameriken epi li nesèsè pou vitalite ekonomi nou an depi byen lontan. Sipò nou bay Equal Justice Works la ak Pwojè Defans Imigran an yo pral ranfòse sèvis legal enpòtan pou kominote yo ki nan bezwen yo pandan moman ensèten ak polarizasyon politik sa yo.”

**Claire P. Gutekunst, ki se Prezidan Asosyasyon Bawo Eta New York la (New York State Bar Association, NYSBA) te di,** “Imigran yo nan mitan nwayo kominote New York la. Gen kèk moun nan moman sa a ki riske fòse kite fanmi yo, djòb yo ak kay yo, paske yo pa gen mwayen pou yo peye pou yon avoka ki pou pwoteje dwa yo. Asosyasyon Bawo Eta New York la kontan anpil pou yo rejwenn inisyativ Gouvènè a pou yo founi reprèzantasyon legal pou imigran Eta New York ki vilnerab yo. Pou ajoute sou travay Komite sou Reprèzantasyon Imigrasyon nou an, NYSBA pral patisipe nan inisyativ la lè li ede rekrite avoka pou reprèzante imigran yo gratis ak ofri avoka volontè yo fòmasyon apwopriye.”

**Monseyè Kevin Sullivan, Direktè Jeneral Catholic Charities nan Achidyosèz New York la, te di,** “Founisè sèvis imigrasyon legal san bi likratif yo t ap fè travay ki gen anpil enpak nan repons a kondisyon enkyetid ak krent kominote imigran nou yo ap travèse kounye a la. Toutfwa, demand chanjman politik Federal resan yo pote a te etann kapasite yo jiska limit yo. Inisyativ sa a, ki pral depann de kolaborasyon avèk lòt founisè sèvis legal la yo, konsepsyone espesifikman pou soulaje presyon sa a ak ogmantasyon aksesibilite a sèvis legal bon kalite pou imigran yo.”

Yon lis konplè patnè Pwojè Defans Libète yo gen ladan yo:

#### **Fondasyon yo**

1. Carnegie Corporation
2. Ford Foundation

**21 Kabinè Avoka/Depatman Legal Sektè Prive yo, ki gen 10 sa yo ladan:**

1. Cadwalader, Wickersham & Taft LLP
2. Cooley LLP
3. Debevoise & Plimpton LLP
4. Greenberg Traurig LLP
5. Morrison & Foerster LLP
6. Nixon Peabody LLP
7. Ropes & Gray LLP
8. Shearman & Sterling LLP
9. Stroock & Stroock & Lavan LLP
10. Wilmer Cutler Pickering Hale and Dorr LLP

**Asosyasyon Bawo/Legal yo**

1. American Immigration Lawyers Association
2. Asian American Bar Association of New York
3. Association of Black Women Attorneys
4. The Dominican Bar Association
5. Hispanic National Bar Association (HNBA) – New York Regional Chapter
6. Korean American Lawyers Association of Greater New York
7. The LGBT Bar Association of Greater New York (LeGaL)
8. Latino Lawyers Association of Queens County
9. Long Island Hispanic Bar Association
10. Metropolitan Black Bar Association
11. New York City Bar Association
12. New York State Bar Association
13. Puerto Rican Bar Association
14. South Asian Bar Association of New York

**Fakilte Dwa yo**

1. Albany Law School
2. Brooklyn Law School
3. Columbia Law School
4. Cornell Law School
5. CUNY School of Law
6. Fordham University School of Law
7. School of Law at Hofstra University
8. New York Law School
9. Pace Law School
10. St. John's University School of Law
11. Syracuse University College of Law
12. Touro College Touro Law Center
13. University at Buffalo School of Law

**Òganizasyon Defans yo**

1. 27 New York State Office for New American Opportunity Centers

2. Cypress Hills Local Development Corporation, Brooklyn
3. Immigrant Justice Corps
4. New York Immigration Coalition (150 manm yo)
5. Probono.net
6. Safe Passage

**Depatman Eta a pral kòmanse mete Pwojè Defans Libète a an aplikasyon lè yo òganize evènman fòmasyon ak sansibilizasyon ki konsepsyone pou prepare avoka k ap ofri sèvis gratis yo pou yo travay ak imigran yo:**

1. 10 Avril 2017 – Fòmasyon sou kijan pou jwenn Viza T yo (T Visas)
2. 12 Avril 2017 – Plan Sekirite Fanmi yo: Pwoteje Timoun ki pa gen papyè yo
3. 13 Avril 2017 – Kesyonè Lwa Imigrasyon yo
4. 18 Me 2017 – Konsekans Legal dosye kriminel yo genyen pou imigran yo
5. 24 Me 2017 – Lwa Imigrasyon ki baze sou relasyon famiyal yo
6. 19 Jen 2017 – Defans Depòtasyon
7. 17 Out 2017 – Prevni Fwòd nan Sèvis Legal Imigrasyon yo
8. 15 Septanm 2017 – Kesyonè Lwa Imigrasyon yo
9. 12 Oktòb 2017 – Pwoblèm ki pi konplèks nan tribinal imigrasyon an yo
10. Novanm 2017 - Fòmasyon sou Tribinal Imigrasyon pandan De Jou
11. 12 Novanm 2017 – Povwa an Apèl Imigrasyon yo

**Pwoteje Imigran New York yo**

Eta New York te sèvi epi li kontinye ap sèvi kòm yon flanbo espwa pou imigran yo. Pandan senk ane ki sot pase yo, Eta New York la, atravè Biwo pou Nouvo Ameriken yo, te ede imigran yo patisipe plènmàn nan lavi sivik ak ekonomik Eta New York la atravè yon rezo ki gen 27 sant ki baze nan kominote atravè tout eta yo ki ofri kou anglè, enstriksyon sivik, gid sou kijan pou kòmanse/devlope yon biznis, ak èd natiralizasyon. ONA gen yon liy asistans, yon sant enfòmasyon gratis, kote yo pale plizyè lang, ansanm ak yon sitwèb ki konsakre pou gide Nouvo Ameriken yo sou resous ki disponib yo. Nimewo liy asistans lan se 800-566-7636 (orè fonksyonman 9AM-8PM (ET), lendi a vandredi) epi sitwèb la se [www.newamericans.ny.gov](http://www.newamericans.ny.gov).

Depi lè Gouvènè a pran pouvwa, li te pran mezi agresif pou founi asistan bay kominote imigran yo. An 2011, li te siyen yon seri Dekrè Egzikitif agrand pòte pou asire aksè a lang atravè tout ajans eta yo, pou sispann patisipasyon Eta nan pwogram federal ki egzije fòs lapolis lokal yo pou yo ede idantifye moun yo ka depòte yo, siyen lejislasyon ki kenbe antite k ap eskwoke imigran yo responsab, epi etabli yon Biwo pou Nouvo Ameriken yo. Li te lanse NaturalizeNY (Naturalize New York) ki se tout premye patenarya piblik-prive pou ankouraje epi ede imigran ki kalifye nan Eta New York yo nan pwosesis pou yo vin sitwayen Ameriken. Kòm Pwokirè Jeneral, Gouvènè Cuomo te travay tou pou konbat fwòd imigrasyon, li te itilize lwa jeneral sou dwa sivil pou envestige avèk siksè ak pouswiv konpayi ki te eskwoke imigran yo. Li te egalman garanti jijman tribinal ak akò domaj ak enterè ki depase \$23 milyon nan non popilasyon imigran eta a.

Eta New York la gen 4.4 milyon imigran, ki reprezante youn nan chak senk Nouyèkè. Imigran kontribiye anpil nan ekonomi eta nou an kòm mèt biznis, travayè, konsomatè, ak kontribiyab.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418